

Echanj Travay Indiana Career Connect

Entwodiksyon a Sistèm lan



Byenvini nan videyo enfòmasyonèl sou Sistèm Echanj Travay Indiana Career Connect. Indiana Career Connect, oubyen abrevyasyon an ICC, bay moun k ap chache travay opòtinite pou chache travay, kreye kourikoulòm vitè, ak eksplòre opòtinite pou edikasyon ak fòmasyon.



DWD se yon anplwayè ki bay opòtinite egal ki administre pwogram opòtinite egal. Èd ak sèvis oksilyè gratis disponib sou demann pou endividi avèk andikap yo (Nimewo TDD/TTY : 1-800-743-3333). Sèvis entèpretasyon ak tradiksyon nan lang etranje gratis disponib sou demann tou.



se yon anplwayè ki bay opòtinite egal ki administre pwogram opòtinite egal. Èd ak sèvis oksilyè gratis disponib sou demann pou endividi avèk andikap yo (Nimewo TDD/TTY: 1-800-743-3333). Sèvis entèpretasyon ak tradiksyon nan lang etranje gratis disponib sou demann tou.

Kisa ki yon Sistèm Echanj Travay?



Ede moun k ap chache travay jwenn anplwa



Ede anplwayè yo ranpli pòs ouvè



Fasilite korespondans ant moun k ap chache travay ak anplwayè yo



Satisfè egzijans sistèm asirans chomaj Eta a



Kisa ki yon sistèm echanj travay?

Yon sistèm echanj travay konekte moun k ap chache travay avèk anplwayè, ki ede moun k ap chache travay yo jwenn anplwa ak anplwayè yo ranpli pòs ouvè.

Kòm yon pati nan elijibilite pou asirans chomaj, demandè Hoosier yo dwe enskri nan sistèm ICC a epi fòk yo kapab, disponib, epi chache travay tan plen aktifman.

Ki asistans rechèch travay w ap chache?

- Enfòmasyon sou tandans nan mache travay aktyèl nan zòn pa w?
- Enfòmasyon sou lekòl ak pwogram edikatif?
- Èd pou kreye ak afiche kourikoulòm vitè w?
- Pòs travay ouvè nan zòn pre w la?

ICC la pou asiste w. Konekte jodi a pou pran pwochen etap la nan rechèch travay w.



Sistèm Echanj Travay Indiana,
disponib pou moun k ap chache travay ak
anplwayè yo **gratis**.



Èske w te konnen ICC gratis pou ni moun k ap chache travay ni anplwayè yo?
Videyo sa a pral eksplike w kijan ICC ka amelyore efò rechèch travay w yo epi ede
w konekte ak anplwayè pi vit.



Lè w depoze yon reklamasyon Asirans Chomaj (*Unemployment Insurance*) (UI), yo kreye yon kont pou you nan Indiana Career Connect otomatikman. Yo kreye kont lan avèk enfòmasyon ou te bay lè w te depoze reklamasyon UI ou a. Pou konekte nan Indiana Career Connect, sèvi ak menm non itilizatè ak modpas ou itilize pou reklamasyon UI ou.

Pou plis asistans avèk Indiana Career Connect oubyen si w pa konekte sou kont Indiana Career Connect ou pase nan WorkForce/Sant Travay Ameriken (*American Job Center*) (AJC) lokal ou a.



Lè w depoze reklamasyon pou Asirans Chomaj, yo kreye yon kont ICC pou w otomatikman si w poko gen youn, avèk enfòmasyon ou te bay. Ou pral konekte sou ICC avèk menm non itilizatè ak modpas ou te itilize pou depoze reklamasyon Asirans Chomaj ou.

Pou asistans avèk ICC, pase nan WorkOne/Sant Travay Ameriken (*American Job Center*) lokal ou, kote gen pèsònèl ki ka ede w re-inisyalize modpas ou e avèk navigasyon.



Moun k ap chache travay ka sèvi ak ICC pou chache travay, kreye ak afiche kourikoulòm vitè, jwenn ak chache opòtinite edikasyon ak fòmasyon.



Anplwayè yo ka kreye yon kont enskri oubyen aksede ICC kòm vizitè. Yon fwa yo antre anplwayè yo ka kòmanse ap afiche pòs ouvè epi chache pi bon kandida pou pòs yo.



Sa a se yon sèvis gratis 7ki pou BENEFISYE endividi ak anplwayè yo.



ICC ede korespòn moun k ap chache travay ki kalifye avèk anplwayè.

Moun k ap chache travay ka chache travay, kreye ak afiche kourikoulòm vitè, epi eksplore opòtinite pou edikasyon ak fòmasyon.

Anplwayè yo ka afiche pòs ouvè epi chache kandida.

Kounye a, an nou eksplore karakteristik kle yo nan Sistèm Echanj Travay Indiana Career Connect.

Fè Rechèch sou Endistri ak Anplwayè



Epitou, ou ka chache selon endistri oubyen non anplwayè spesifik.

Labor Market Facts
Please select one of the options below to see the answer to commonly asked questions about the local labor market.

- Looking for a job? Information about Advertised Jobs in Your Local Area
- Occupational Information for Your Local Area
- Questions on Education Requirements for Occupations in Your Local Area
- Questions on Employment and Unemployment in Your Local Area
- Questions on Employers in Your Local Area
- Questions on Candidates for Jobs in Your Local Area
- Questions on Industries in Your Local Area
- Profiles for a Specific Local Area, Industry, Occupation, or Education Program
- Looking for Training? Find Education Providers in Your Local Area
- Demographic Information about Your Local Area

**Cache enfòmasyon sou
mache Travay nan Zòn Lokal
ou a.**

- Job Skills**
Assess the detailed skills you have that are valuable in the workplace
- Personal Skills**
Assess your human and inter-personal skills
- Tools and Technology Skills**
Assess your knowledge of tools and technology
- Work Interest**
Assess the type of work activities you like
- Work Values**
Assess what is important to you in a job

**Evalye Enterè w.
Revize epi Fè Rechèch sou
Konpetans ou yo.**


ICC bay enfòmasyon enpòtan sou Mache Travay la, souvan yo refere ak sa kòm LMI (*Labor Market Information*), pou ede w ak planifikasyon karyè.

LMI pèmèt ou:

- Fè rechèch sou okipasyon ak pakou karyè
- Evalye enterè w nan nouvo endistri
- Revize egzijans edikasyon ak lòt egzijans pou yon pòs travay

Anplis de sa, ICC ofri evalyasyon gratis ki pou ede w idantifye konpetans ak konesans ki pètinan ak travay, dekouvri karyè ki koresponn ak enterè ak prensip ou yo.

Kisa w vle fè jodi a?




Antanke itilizatè ICC, ou pral gen aksè nan yon dach pèsonalize anba seksyon titre, “My Workplace.” Dach ou a prezante w opsyon nan sistèm ICC a. Li ofri sigjesyon pèsonalize selon enterè ou chwazi yo. Ou ka pèsonalize kontni dach ou pou korespòn ak objektif karyè ou yo.

Pa mwayèn plis pase **900 Anplwayè** enskri nan **Indiana Career Connect**. Ane pase, ICC te gen plis apse **300,000 pòs travay ouvè**.

Sistèm Echanj Travay Indiana Career Connect la pou ede w avèk tout bezwen w yo parapò ak rechèch travay **GRATIS**.



Pòs travay nan ICC tire nan lòt sit rechèch travay, ki elaji opòtinite pou korespondans travay. Pa mwayèn plis pase 900 anplwayè enskri nan ICC. Ane te gen plis pase 300,000 pòs travay ki te afiche. ICC se gichè inik ou pou karyè w, ki ofri zouti ak resous gratis ki pou ede w tounen travay pi vit.



WorkOne
americanjobcenter
INDIANA

in.gov/dwd/WorkOne/locations.html

DVD INDIANA DEPARTMENT OF WORKFORCE DEVELOPMENT

Pou plis resous pou rechèch travay, tanpri pase nan WorkOne/Sant Travay Ameriken lokal ou a. Wa jwenn lokal WorkOne ki toupre w sou paj entènèt nou www.in.gov/dwd/WorkOne/locations.html

Opòtinite Egal (*Equal Opportunity*) (EO)

WorkOne se yon Pwogram/Anplwayè ki bay Opòtinite Egal.

Èd ak sèvis oksilyè disponib sou demann.
Sèvis tradiksyon nan lang etranje yo gratis.

Si w kwè ou te sibi diskriminasyon ou kapab depoze plent nan lespas 180 jou depi dat vyolasyon prezime a.

Kontakte ofisye EO lokal ou atravè biwo WorkOne lokal ou.

Oubyen Voye Plent lan nan:

Director, Civil Rights Center (CRC)
U.S. Department of Labor
200 Constitution Avenue NW
Room N- 4123, Washington, DC 20210



DVD WORKFORCE
DEVELOPMENT

WorkOne se yon Pwogram/Anplwayè ki bay Opòtinite Egal.

Èd ak sèvis oksilyè disponib sou demann pou endividi avèk andikap. Gen sèvis entèpretasyon ak tradiksyon nan lang etranje gratis ki disponib sou demann.

Si w kwè ou te sibi diskriminasyon ou kapab depoze plent nan lespas 180 jou depi dat vyolasyon prezime a, kontakte ofisye EO lokal ou atravè biwo WorkOne lokal ou oubyen voye plent ou nan:

Director, Civil Rights Center (CRC)
U.S. Department of Labor
200 Constitution Avenue NW
Room N- 4123, Washington, DC 20210



Vizite sitwèb nou pou plis resous.
dwd.in.gov

Si w gen kesyon sou videyo sa a epi w pa ka jwenn repons pou yo sou sitwèb DWD a, tanpri mande Navigatè Sèvis Anplwa ou pandan pwochen reyinyon endividyèl ou a.

Ou fini twazyèm videyo nou sou Sistèm Echanj Travay Indiana Career Connect. Tanpri gade pwochen videyo a sou WorkOne Sant Travay Etazini a anvan pwochen randevou entèvyou inisyal endividyèl ou a\.